



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY KONSÈY ADMINISTRASYON MTA A YON LÈT KI DEKRI PRIYORITE YO POU PLAN KAPITAL K AP VINI AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo bay konsèy administrasyon Otorite Transpò Metwopolitèn a (Metropolitan Transportation Authority, MTA) yon lèt ki dekri priyorite yo pou Plan Kapital kap vini an.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

A: Konsèy Administrasyon MTA a,

MTA te fè pwogrè ke nou ka konte e ke nou pa ka konteste nan twa (3) zan ki sot pase la yo.

Chemen pou MTA pran pou li avanse a genyen de tras. Pwogrè nan yon ti tan pral rive abouti nan enstitisyonize mwayen ak metòd Plan Aksyon pou Metwo (Subway Action Plan) a travè mizannè rapid Plan Reòganizasyon MTA a ak nan konplete inisyativ spesyal ki deja kòmanse a. Amelyorasyon pou lontan pral rive abouti lè Plan Kapital lan apwouve. Plan Kapital lan ofri opòtinite ke nou pa janm wè tankou nouvo revni dedikase ki genyen ladan yo sa ki sòti nan lejislasyon Plan Tarifikasyon Anbouteyaj.

Ajenda nou genyen pou yon ti tan mande yon kapasite jesyon enèjik pou konplete anbisyon MTA genyen pou rekrute nouvo moun nan kad Plan Reòganizasyon an, reyalyiman, konsolidasyon ak divès inisyativ spesyal. Fòs Entèvansyon sou Vitès ak Sekirite Tren (Train Speed and Safety Task Force), Èd pou Inisyativ Moun ki Sanabri (Help for the Homeless Initiative), Fòs Entèvansyon sou Evazyon Fiskal ak Sekirite Travayè yo (Fare Evasion and Worker Safety Task Force) ak inisyativ pou netwayaj entansif estasyon ak tren, se yo menm ki nan tèt lis priyorite jesyon a kou tèm pou fè Otorite Transpò Vil New York la (New York City Transit Authority) pwogrese ansanm ak pwogrè Andy Byford la. Yo dwe fini nèt a lè.

Gwo pwojè konstriksyon kapital anba Konstrikasyon Kapital MTA ak Janno Lieber dwe soutni epi egzekite avèk rigè. Rekonfigirasyon Tinèl Tren L la montre potansyèl ki genyen pou nouvo apwòch.

Nouvo lwa sou entegrite biznis ki genyen ladan l is nwa "move kontraktè" eksklizyon, sistèm lè ak prezans ansanm ak verifikasyon jidisyè yo dwe an plas.

Pwiske Plan Kapital la bezwen apwobasyon lidè lejislativ yo ak Majistra Vil New York la, manda lejislativ yo dwe konplete pou benefis kontribyab yo ansanm ak vwayajè yo e se pou non-konfòmite ak MTA pa vinn yon pwoblèm nan apwobasyon Plan Kapital la.

Plan Kapital la bay yon opòtinite istorik nan nouvo finansman sa, ki kolekte pou soutni 25 milya dola nan pwojè Plan Kapital la ki gen ladan adopsyon Tarifikasyon Anbouteyaj (Congestion Pricing) Eta a nan Distri Biznis Santral la. Lejislati Eta ak Majistra Vil New York te defini klèman priyorite yo nan pwojè lwa ke yo te adopte yo ak nan deklarasyon piblik yo te fè.

Mwen vle enfòme nou sou priyorite mwen yo pou Plan Kapital la avan yo prepare e prezante li.

Mwen kwè li esansyèl ke Plan Kapital la atenn objektif sa yo:

1. Pwogrè ki reyalize pou rann estasyon yo aksesib pou moun ki andikape yo pa akseptab. Se yon manda jiridik e moral pou MTA a akselere kantite estasyon ki aksesib ansanm ak delè pou aksesibilite yo atenn.
2. Pwoblèm "Kalite lavi" nan metwo a deteryore. Kantite moun ki sanabri, moun ki danjerezman malad mantal, moun k ap fè fwod tarif, "mandyan" agresif ak atak sou travayè vin eksploze. Rekonsepsyon estasyon pou sekirize aksè a ray yo ansanm ak sekirite travayè yo esansyèl. Vwayajè yo dwe gen yon anviwonman an sekirite ak polis MTA anplis ki gen ekipman adekwa, fòmasyon ak enstalasyon yo esansyèl.
3. Sistèm sinyalizasyon dènye kri dwe enstale pou akselere tren yo epi pwojè konstriksyon ki an reta tankou East Side Access, amelyorasyon Grand Central, Estasyon Moynihan Farley, amelyorasyon Long Island Rail Road ak Subway Second Avenue an dwe an priyorite.
4. Minisipalite ki nan antouraj Vil New York yo ak Long Island Rail Road ak Metro-North Railroad dwe resevwa yon distribisyon ekitab de resous yo.
5. Nouvo bis yo ta dwe ibrid oubyen elektrik epi distribye nan tout Vil la, epi dwe travay ak Vil New York pou jwenn mwayen pou amelyore vitès ak sèvis. Nouvo wagon tren yo dwe achte san plizyè-ane reta kontra pase yo.

Pa genyen okenn dout ke rigè ak aktivism Plan Aksyon pou Metwo a (Subway Action Plan) abouti a pwogrè ki ka mezire. Pèfòmans amelyore yon jan ki manifès. Disiplin ak kapasite jesyon an dwe enstitisyonnalize kounyè a atravè Plan Reòganizasyon ak Fòs Entèkansyon ak Inisyativ Espesyal ki akonpanye li.

Yon Plan Kapital entèlijans ke Lejislati a ansanm ak Majistra Vil New York ka apwouve nan yon jan ki ekspeditif ki pral sekirize e pral fè avanse tout pwogrè.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)